



Yo itilize done siveyans **Vil Nouyòk la** pou planifye ak mete annèy inisyativ pou prevansyon, depistaj, swen ak tretman VIH nan lide pou amelyore sante Nouyòkè yo. Done lane 2023 yo montre ke gen kèk kominote ke maladi VIH kontinye ap touche yon fason ki dispwopòsyone, epi enjistis sistemik pèmanan yo kontinye limite aksè ni ak swen ni ak resous e yo anpeche moun yo mennen yon lavi ki sen, ki epanouyi.

**1,686** moun te dyagnostike kòm nouvo moun ki gen maladi VIH nan NYC an 2023 — yon ogmantasyon **7.6%** konpare ak 2022.

Pòsyon moun yo fèk dyagnostike ak maladi VIH







Pòsyon popilasyon NYC a




**83% nan moun yo fèk dyagnostike ki gen maladi VIH yo se te Nwa** oswa **Latino**,<sup>1</sup> poutan gwoup sa yo te reprezante sèlman **51% nan popilasyon NYC a**.

Pami moun yo fèk dyagnostike ak maladi VIH yo:




Yo estime gen **88,700** moun ki gen maladi VIH ki t ap viv nan NYC an 2023.

Sou chak 100 moun ki gen maladi VIH nan NYC:



**Sipresyon viral**<sup>3</sup> pami moun ki gen maladi VIH yo diferan selon ras oswa apatenans etnik yo.<sup>1</sup>



Gen enfòmasyon ak resous sou depistaj, tretman ak prevansyon kont maladi VIH ki disponib nan NYC.

### Depistaj

Ou ka jwenn tès depistaj pou maladi VIH ki bon mache oswa gratis toupre w la lè ou:

- Vizite yon Klinik Sante Seksyèl NYC, kote nenpòt moun apati laj 12 lane oswa plis kapab fè yon tès depistaj ki konfidansyèl, anonim: [nyc.gov/health/sexualhealthclinics](https://nyc.gov/health/sexualhealthclinics)
- Chèche nan Kat Jeyografik NYC Health la: [nyc.gov/health/map](https://nyc.gov/health/map)
- Voye mesaj tèks "TESTNYC" bay 55676
- Rele **311**

Pou jwenn asistans pou notifikasyon patenè yo, rele **311**.

### Tretman

Medikaman pou trete maladi VIH yo san danje e yo pi efikas ke jamè.

- Endektetab = Entransmisib (Undetectable = Untransmittable, U=U): Moun ki gen maladi VIH ki sou tretman e ki kenbe yon chaj viral endektetab pandan omwen sis mwa pa ka transmèt VIH nan fè bagay.

### Prevansyon

Anplis kapòt ak lòt metòd pwoteksyon yo, gen medikaman ki san danje e ki efikas pou fè prevansyon kont maladi VIH.

- Pwofilaksi Pre-Ekspozisyon (Pre-Exposure Prophylaxis, PrEP) fè prevansyon kont maladi VIH la alavans.
- Pwofilaksi Apre Ekspozisyon (Post-Exposure Prophylaxis, PEP) se yon medikaman dijans ki ka anpeche yon nouvo enfeksyon VIH si moun nan pran l tousuit apre yon ekspozisyon.

**Nòt:** Done ke yo rapòte bay Depatman Sante NYC a nan dat 31 mas 2024 la. Pou jwenn enfòmasyon sou done ak definisyon yo, epi pou w li rapò ane 2023 a okonplè, vizite [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) epi chèche "hiv in nyc" (vih nan nyc).  
<sup>1</sup> Kategori ras yo ekskli apatenans etnik Latino; moun ki gen apatenans etnik Latino yo gwoupe nan kategori Latino kèlkeswa klasifikasyon rasyal yo. <sup>2</sup> Pousantaj yo ekskli moun ki pa konn enfòmasyon sou transmisyon yo (n = 487).  
<sup>3</sup> Moun ki te gen yon chaj viral endektetab nan dènye tès yo te fè an 2023.



Pou jwenn plis enfòmasyon ak resous sou maladi VIH nan Vil Nouyòk, eskane kòd QR la oswa vizite [nyc.gov/health/hiv](https://nyc.gov/health/hiv).  
 Pou jwenn plis enfòmasyon ak resous sou Enfeksyon Moun Pran nan Fè Bagay (sexually transmitted infection, STI) yo, vizite [nyc.gov/health/sti](https://nyc.gov/health/sti).

1.25 Haitian Creole

